**दिन–बुधवार** **दिनांक–03.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

एनडीए महागठबंधनक भोटर अधिकार यात्राक दरमियान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दिवंगत मां के लेल अपशब्द उपयोग करबाक विरोध मे काल्हि बिहार बंद के घोषणा कयलक अछि। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल पटना मे कहलनि जे एनडीए के महिला इकाई एहि बंद के कमान सम्हारती। बंद के आयोजन भोरे सात बजे सँ दूपहर बारह बजे धरि होयत।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे कोनो व्यक्ति के मां के लेल अभद्र भाषाक प्रयोग के पार्टी समर्थन नहि करैत अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री यादव कहलनि जे दोसर पर आक्षेप लगेबा सँ पहिने भाजपा के एक बेर स्वयं के सेहो आकलन करबाक चाही।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां राजनीतिक मे भाषाक खसैत स्तर पर चिंता व्यक्त कयलनि अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे अमर्यादित भाषा के चलन लोकतंत्रतक गरिमा के कम करैत अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह के अध्यक्षता मे आइ नव दिल्ली मे बिहार भाजपाक कोर कमिटी के बैसक भेल। बैसक मे प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आ पार्टीक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े, केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आ नित्यानंद राय सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता सम्मिलित भेलाह। बैसक मे अगिला विधानसभा चुनावक रणनीति के लऽकऽ विचार–विमर्श कयल जातय।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए सँ कम सँ कम बीस सीटक मांग कयलनि अछि। श्री मांझी कहलनि जे हुनक पार्टी के मान्यता दिएबाक लेल कम सँ कम बीस सीट पर चुनाव लड़ब आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे हुनक एहि मांग पर एनडीए के सभ घटक दल के सहानुभूति पूर्वक विचार करबाक चाही।

———————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ राजद विधायक लोकनिक पटना मे एक बैसक नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव के आवास पर आयोजित कयल गेल। भोटर अधिकार यात्रा के बाद राजद विधायक लोकनिक ई पहिल बैसक अछि। भेटल जनतबक अनुसार बैसक मे चुनाव तैयारी के लऽकऽ रणनीति पर चर्चा के संग—संग भोटर अधिकार यात्रा के दरमियान आम लोक सभ सँ भेटल प्रतिक्रिया पर सेहो चर्चा कयल गेल।

———————————————————————————

जीएसटी परिषदक छप्पनम बैसक आइ नव दिल्ली मे भऽ रहल अछि। केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण एहि दू दिवसीय बैसक के अध्यक्षता कऽ रहल छथि। प्राप्त जनतबक अनुसार बैसक मे अगिला पीढ़ी के लेल जीएसटी सुधार पर विचार—विर्मश कयल जा रहल अछि। जाहि मे कर दर के युक्ति संगत आ अनुपालन के सरल बनायब सम्मिलित अछि। बैसक मे जीएसटी मंत्री समूहक अध्यक्ष आ बिहारक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित विभिन्न राज्य सभक वित्तमंत्री सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————————

आयकर विभागक टीम किशनगंज के एक व्यापारिक समूहक ठेकाना पर छापामारी कऽ सय करोड़ सँ बेसी मूल्यक बेनामी संपत्ति के उद्‌भेदन कयलक अछि। समूहक चारि राज्य मे स्थित चालीस ठेकाना सभ पर छापामारी कयल गेल। बिहार मे पचीस ठेकाना सभ पर जांच एजेंसी छापामारी कयलक। आयकर विभागक आधिकारिक सूत्र जनौलक जे छापामारी के दरमियान एक हजार सँ बेसी संपत्ति के दस्तावेज भेटल अछि। संगहि, भारी मात्रा मे सोना के आभूषण सेहो बरामद कयल गेल।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ गयाजी मे आयोजित कार्यक्रम मे आठ सय निनानवे करोड़ टाका सँ बेसी के लागतिबला विभिन्न विभागक दस परियोजना सभक शिलान्यास

कयलनि। एहि योजना सभक घोषणा मुख्यमंत्री अपन प्रगति यात्राक क्रम मे कयने छलाह। श्री कुमार एहि दरमियान पितृपक्ष मेलाक तैयारी के सेहो जनतब लेलनि।

———————————————————————

पटना मेट्रो के आइ पहिल बेर ट्रायल रन कयल गेल। डीपो के भीतर बनल आठ सय मीटर नम्हर ट्रैक पर मेट्रो के परिचालन कयल गेल। जाही सँ तकनीकी आ सुरक्षा मानक के पूरा जांच कयल जा सकय। ट्रायल रन के दरमियान विशेषज्ञ लोकनिक टीम ट्रेनक स्पीड, ब्रेकिंग सिस्टम, पावर सप्लाई आ सुरक्षा उपकरणक जांच कयलनि। आब मेट्रो ट्रेनक ट्रायल आईएसबीटी सँ भूतनाथ स्टेशन धरि होयत। ट्रायल एक सप्ताह धरि चलत। पटना मेट्रो के उद्घाटन एहि मास मे हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————

राजगीर मे एशिया कप पुरूष हॉकी प्रतियोगिता मे आइ सँ सुपर फोर के मोकाबला शुरू भऽ गेल अछि। भारतीय टीम आइ अपन पहिल सुपर फोर मैच कोरिया के विरूद्ध खेलत। मैच सांझ साढ़े सात बजे सँ शुरू होयत। एहि सँ पहिने पाचम सँ लऽकऽ आठम स्थानक लेल खेलल गेल एक मोकाबला मे जापान चीनी ताईपे के दु–शून्य सँ पराजित कयलक।

———————————————————————

उर्दु–बांग्ला टीईटी अभ्यर्थी लोकनि आइ पटना मे जदयू कार्यालय के घेराव कऽ प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनकारी लोकनि जल्दी सँ जल्दी टीईटी परीक्षा पास अभ्यर्थी लोकनिक नियुक्ति के मांग कऽ रहल छलाह। प्रदर्शनकारी लोकनि कहब छल दस वर्ष पहिने एसटीईटी उर्तीण अभ्यर्थी लोकनिक एखन धरि नियुक्ति नहि भेल अछि।

———————————————————————

समाप्त